# ZUME सत्र 1 कs वीडियो स्क्रिप्टस

## हुनका सभक आज्ञकारिता सीखाऊँ

ZUME प्रशिक्षण में अहाँक स्वागत अछि। एहि सभ में, हम शिष्य आओर मंडलीक विषय में कथा करब। शिष्य के छथि ? आओर अहाँ शिष्यक बनबैत छी कोना ?

प्रभु यीशुक शिष्य कs अहाँ हुनक समस्त आज्ञा कs माननाई सीखाएब ?

अहाँ एकटा एहन मनुख कs परमेश्वरक राजक योग्य बना रहल छीएन जे पहिने दुनियाक बंधन में जी रहल छलाह।

शिष्य शब्दक अर्थ अछि - एकटा अनुयायी। तहन एकटा शिष्य परमेश्वरक अनुयायी होयत छथि। प्रभ्ञु यीशु कहलिन - स्वर्ग अs पृत्वीक समस्त हमरा देबल गेल अछि।

तहन परमेश्वरक राज में, प्रभु यीशु हमर राजा छथि।

हम हुनक नागरिक छी, आओर उनकी ईच्छाक अधिन में छी।

हुनक ईच्छा, उदेश्य, अभिप्राय, प्राथमिकता सभ आओर मूल्य उच्चतम आओर सर्वश्रेष्ठ छथि। हुनक वचन नियम अछि।

तहन राजक नियम कि अछि ? प्रभु यीशु अपन लोकक कि करबाक लेल कहैत कहैत छथि ?

प्रभु यीशु कहलिन - अपन पूरा मन, प्राण, आओर शक्ति सँ अपन प्रभु परमेश्वर सँ प्रेम कएनाई। प्रज्ञी यीशु कहलिन - अपन पडोसी सँ अपने जकाँ प्रेम कएनाई।

प्रभु यीशु कहलिन - पुराना नियम में परमेश्वरक आज्ञ सभ - समस्त नियम अs भविष्यवक्ता - (प्रभुक दिस सँ बजनिहार) - एहि दुटा बात में समा सकैत छथि - परमेश्वर सँ प्रेमकरू आओर लोको सभ सँ प्रेम करू।

''प्रभु यीशु कहलिन शिष्य बनाऊ''

प्रभु यीशु कहलिन - जे किछु हय आज्ञा देलहुँ तकरा माननाई सीखबियो।

शिष्य बनाबैत काल में प्रभु यीशुक सय आज्ञा सभक हुनका सीखाबअ पड़ैत अछि - नव नियम एहि एकटा वस्तु में समा सकैत अछि - शिष्यक बनाऊँ।

एकटा शिष्य प्रभु यीशुक अनुयायी छथि जे परमेश्वर सँ प्रेम करैत छथि , लोक सँ प्रेम करैत छथि, आओर शिष्य बनाबैत छथि।

तहन मंडली कि अछि?

शायद अहाँ मंडली कऽ एकटा भवन बूझैत छी - एकटा एहन स्थान जतो अहाँ जाएत छी।

मुदा परमेश्वरक वचन मंडलीक लोकक जौर होयबाक लेल कहैत अछि - एहन लोक जाहिमें अहाँ शामिल छी।

बाईबल में "मंडली" शब्दक प्रयोग तीन अलग-अलग तरिका सँ कएल गोल अछि -

- सार्वभोमिक मंडली - सभ लोक जे प्रभु यीशु कऽ शिष्य छलाह , छथि, आओर बनताह
- नगरि बऽ क्षेत्रीय मंडली - सभ केओ जे प्रभु यीशु कऽ शिष्य छथि आओर दुनियाक कोनो क्षेंत्र बऽ ओकर आस पास रहैत छथि।
- गृह मंडली - जे प्रभु यीशु मसीहक शिष्य छथि ओ सभलोक ओतो मिलैत छथि जतो हुनका बीच में एक गोटे बऽ ओहि सँ बेसी लोक रहैत छथि।

एकटा आत्मिक परिवार - प्रभु यीशु मसीह शिष्य जे परमेश्वर सँ प्रेम करैत छथि आओर शिष्य बनबैत छथि आओर जे स्थानीय रूप सँ मिलैत छथि ओतऽ ई अंतिम मंडली अछि। घर परक मंडली बऽ साधारण मंडली।

जहन ई साधारण मंडलीक समूह किछ वैध करबाक लेल जौर होयत छथि तऽ ओ सभ मिल कऽ एक नगरि बऽ क्षेत्रिय मंडलीक बना सकैत छथि। ई सभटा साधारण मंडली जे एहि क्षेत्र सँ जूड़ल रहैत अछि ई तऽ पूरा इतिहास में पसरल अछि , ई सभ केओ मिल कऽ सार्वभौमिक मंडलीक बनाबैत छथि।

एहि मंडली कऽ अंग्रेजीक 'C' सँ दशावल जाएत अछि।

साधारण मंडली एकटा आत्मिक परिवार अछि , अऽ प्रभु यीशु हुनक केन्द्र आओर हुनक राजा छथि।

साधारण मंडली आत्मिक परिवार अछि जे परमेश्वर सँ प्रेम करैत छथि , दोसरों सँ प्रेम करैत छथि आओर शिष्य बनाबैत छथि, जे बढ़ाबैत छथि। किछु मंडलीक लग में भवन योजना अऽ टाका आओर कर्मचारी छनि।।

मुदा साधारण मंडली कऽ परमेश्वर सँ प्रेम कएनाई , दोसरो सँ प्रेम कएनाई आओर शिष्य बनौनाई - जे बढ़ैत जाएत अछि - हुनका सभक एहि चीज सभक आवश्यकता नहि छनि।।

किएक तऽ किछु भी अतिरिक्त चीज सी मंडलीक बेसी जटील बना दैत अछि , आओर ओकर बढ़नाई मुश्किल कऽ दैत अछि , तें द्वारें हमर प्रशिक्षण भवन , योजना आओर टाका पैसा आओर कर्मचारीक नगरि बऽ स्थानीय मंडली धरि सिमित कऽ दैत अछि जे कि साधारण मंडलीक बढ़बाक लेल बनल अछि।

याद राखू ZUME कऽ अर्थ होएत अछि खमीर एकटा सरल बऽ अपने जकाँ तुरन्त एकटा कऽ उतपन्न कऽ दैत अछि।

ZUME प्रशिक्षणक संगे - हम ओहि खमीर कऽ जकाँ बनि जाएब - जे सरद अऽ बढ़ाबय बला हुऐक।

मुदा आऊ बढ़य सँ पहिने एहि बातक उपर ध्यान दैत छी जे परमेश्वर कि उतपन्न कराबअ चाहैत छथि। किएक बढ़ोतरी तऽ निक भऽ सकैछ - मुदा ई हरदम नहि होयत अछि।

कैंसर तऽ बढ़ोतरी अछि। आओर ई प्राणक लऽ लेबयबला अछि।

तहन हम कोनाक जीवनक उतपन्न करैत छी मृत्युक नहि ?

आओर हम कोनाक एहि बातक सुनिश्चित करैत छी जे हम दोसर बेर उतपन्न करयबला योग्य शिष्य छी ?